

Pa gen sipriz: Kisa yon estimasyon bòn fwa ye?

Si ou pa gen asirans maladi oswa ou prevwa peye frè pou swen sante yo nan pòch ou, jeneralman founisè ak etablisman swen sante yo ap dwe baw yon estimasyon frè yo prevwa yo lè w ap pran randevou pou yon atik oswa yon sèvis swen sante oswa si ou mande yon estimasyon. Yo rele sa yon "estimasyon bòn fwa".

Yon estimasyon bòn fwa pa yon fakti

Estimasyon bòn fwa a montre lis frè yo prevwa pou atik oswa sèvis swen sante founisè ou a oswa etablisman ou an. Paske estimasyon bòn fwa a baze sou enfòmasyon yo genyen nan lè founisè oswa etablisman an fè estimasyon an, li p ap gen ladan l frè yo pa konnen oswa yo pa t atann ke yo ka vin ajoute pandan tretman ou an. Jeneralman, estimasyon bòn fwa a dwe gen ladan l chaj yo prevwa pou:

- Atik la oswa sèvis prensipal la
- Nenpòt lòt atik oswa sèvis ou sanse resevwa ak rezon nan kad atik la oswa sèvis prensipal la pou peryòd swen sa a.

Estimasyon an ka pa gen ladan l chak atik oswa sèvis ou jwenn nan men lòt founisè oswa etablisman, menm si kèk atik oswa sèvis ka sanble konekte ak menm sèvis la. Pa egzanp si ou fè operasyon, estimasyon bòn fwa a ka gen ladan l pri operasyon an, anestezi an, sèvis laboratwa yo oswa tès yo.

Nan kèk ka, atik yo oswa sèvis ki lye ak operasyon an **ki planifye apa**, tankou kèk randevou anvan operasyon an oswa terapi fizik nan semèn yo ki vin aprè operasyon an, ka pa nan estimasyon bòn fwa a. W ap jwenn yon estimasyon bòn fwa apa lè ou ou pran randevou pou atik oswa sèvis sa yo ak founisè oswa etablisman an oswa si ou mande sa.

Dwa ou pou yon estimasyon bòn fwa

Founisè ak etablisman yo dwe ba w yon estimasyon bòn fwa:

- Aprè ou fin pran randevou pou yon atik oswa yon sèvis sante. Si ou pran randevou pou yon atik oswa yon sèvis omwen 3 jou travay anvan dat w ap pran atik la oswa sèvis la, founisè a dwe ba w yon estimasyon bòn fwa pou pi ta yon jou travay apre planifikasyon randevou a. Si ou pran randevou pou atik la oswa sèvis la OSWA ou mande enfòmasyon sou pri a omwen 10 jou travay anvan dat w ap jwenn atik la oswa sèvis la, founisè a oswa etablisman an dwe ba w yon estimasyon bòn fwa pou pi ta 3 jou travay aprè ou planifye randevou a oswa apre ou mande estimasyon an.
- sa gen ladan l yon lis chak atik oswa sèvis (ak founisè a oswa etablisman an), ak detay espesifik tankou kòd sèvis swen sante a.
- Nan yon fason ou ka gen aksè ansanm avè l tankou enprime an gwo karaktè, Bray, fichye odyo oswa lòt fòm komunikasyon.

Founisè ak etablisman yo dwe eslike w estimasyon bòn fwa a nan telefòn oswa an pèsòn si ou mande sa apre sa fè suivi pou ba w yon estimasyon a lekri (papye oswa elektwonik) selon mòd komunikasyon ou prefere a.

Kenbe estimasyon an yon kote ki sekirize pou w ka fè konparezon ak nenpòt bil ou resevwa aprè. Aprè ou fin resevwa yon bil pou aktik oswa sèvis yo, si montan bil la \$400 oswa plis pase estimasyon bòn fwa a, ou ka elijib pou w [konteste bil la](#).

Pou plis enfòmasyon, gade yon [egzanp sou kisa yon estimasyon bòn fwa ka gen ladan l \(PDF\)](#) ak [egzanp estimasyon bòn fwa ki elijib oswa pa elijib pou pwosesis kontestasyon an \(PDF\)](#).

Se gras ak frè kontribyab ameriken yo, yo enprime, pibliye oswa pwodui ak pibliye mesaj sa a.

